प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि विधायी निकायन में महिला लोगिन बदे आरक्षण समय क मांग बा। उहां के कहलीं कि महिला लोगिन बदे आरक्षण से लोकतंत्र अउरियो बेसी जीवंत आ सहभागी बनी। एगो वीडियो में समाचार पत्रन में दीहल गइल अपने खास लेख क जिकिरि करत प्रधानमंत्री कहलें कि महिला लोगिन के आरक्षण से जुड़ल महत्वपूर्ण विधेयक पर चरचा आ ओके पारित करावे बदे सोरह अपरैल के संसद क सत्र बोलावल गइल बा।

**एक बहुत ही सकारात्मक माहौल दिख रहा है। इन्हीं विषयों को लेकर के मैने आज अखबारों में एक लेख लिखा है। मेरे अपने विचार मैने साझा किये हैं। लेकिन मैं आज आपसे आग्रह करता हूं। आप इस लेख को जरुर पढ़े, औरों को भी पढ़ने के लिए प्रेरित करें और हम सभी राजनीतिक दलों को प्रेरित करें, उनका उत्साहवर्धन करे की वह उमंग के साथ 16, 17, 18 संसद में इस विशेष काम के लिए जब हम मिल रहे हैं, तो इसको पारित करें और सब मिलकर के इसका जश्न मनाए।**

प्रधानमंत्री कहलें कि ई जरूरी बा कि दुइ हजार ओन्तीस क लोकसभा चुनाव आ आवे वाला समय में कई राज्यन में विधानसभा चुनाव महिला लोगिन बदे आरक्षित सीटिनि के प्रावधान के साथे आयोजित होखे।

**हमने कुछ वर्ष पहले नारी शक्ति वंदन अधिनियम पारित किया था, और सभी राजनीतिक दलों ने सहमति से किया था। और सबकी इच्छा है कि 2029 में जब लोकसभा के चुनाव होंगे तब हमारे देश के नारी शक्ति को जनप्रतिनिधियों के रूप में लोकसभा में विधानसभाओं में 33 प्रतिशत स्थान मिलना ही चाहिए।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में हथकरघा विभाग के कार्यन क समीक्षा कइलें। एगो रिपोर्ट–

**हथकरघा विभाग की समीक्षा बैठक के दौरान मुख्यमंत्री ने अधिकारियों को बुनकरों की आय, सम्मान और आजीविका की स्थिरता सुनिश्चित करने के निर्देश दिए। मुख्यमंत्री ने कहा कि बुनकरों को तकनीक, डिजाइन, पैकेजिंग और बाजार तक पहुंच एक ही ढांचे में सुनिश्चित हो। उन्होंने बुनकरों को डिजिटल प्लेटफार्म और ई–कॉमर्स प्लेटफॉर्म से जोड़ने पर विशेष जोर दिया। श्री योगी ने अधिकारियों को सौर ऊर्जा से संचालित पावरलूम को बढ़ावा देने के भी निर्देश दिए। बैठक के बाद एक सोशल मीडिया पोस्ट में मुख्यमंत्री ने कहा कि प्रदेश के लगभग 2 लाख बुनकर राज्य की अर्थव्यवस्था के सशक्त आधार व स्वावलंबन की कहानी हैं। इनका सम्मानजनक जीवन सरकार की प्राथमिकता है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

केंद्रीय कैबिनेट के ओरि से खरीफ सीजन–दुइ हजार छब्बीस बदे फॉस्फेट आ पोटैशियम उर्वरकन पर पोसक तत्व आधारित सब्सिडी दरन के दीहल गइल मंजूरी क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ स्वागत कइले हवें। येह फैसिला बदे उहां के एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के प्रति आभार जतवले हईं। नई दिल्ली में काल्हि भइल केन्द्रीय मंत्रिमण्डल के बइठकी के बादे सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव बतवलें कि ई सब्सिडी पछिला खरीफ मौसम में दीहल गइल सब्सिडी से चारि हजार तीनि सौ सतरह करोड़ रूपिया बेसी बा।

**खरीफ सीजन के लिए न्यूट्रिएंट बेस्ड सब्सिडी स्कीम में 41534 करोड़ रूपीज का सब्सिडी का पैकेज माननीय प्रधानमंत्री श्री नरेंद्र मोदी जी ने कोविड हो चाहे वेस्ट एशिया में कनफ्लिक्ट हो, किसान भाइयों के लिए हमेशा एक तरीके से सेफ्टी शील्ड बनके खड़े हुए हैं और किसी भी तरह के फर्टिलाइजर में ऑप्स एंड डाउन्स जो भी आए कभी उसका प्रभाव हमारे किसानों पर पड़ने नहीं दिया है।**

**********

केन्द्रीय सामाजिक आ अधिकारिता मंत्री डॉक्टर वीरेन्द्र कुमार आजु वाराणसी के खुशीपुर के समेकित क्षेत्रीय केन्द्र–सीआरसी क निरीक्षण कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि सरकार दिव्यांगजन आ वरिष्ठ लोगिन के ससक्तीकरण बदे लगतारे कोसिस कइ रहलि है। डॉक्टर कुमार कहलें कि सीआरसी जइसन केन्द्र समाज के कमजोर वर्ग के मुख्यधारा से जोड़ले में खास भूमिका निभावे लें। येह मौका पर केन्द्रीय मंत्री 'क्रॉस 'डिसेबिलिटी शीघ्र हस्तक्षेप केन्द्रो' क उद्घाटन कइलें।

**********

महाराष्ट्र के सरधालुअन के नेपाल से वाराणसी ले जा रहलि एगो यात्री बस आजु दुपहरिया में वाराणसी–गोरखपुर राष्ट्रीय राजमार्ग पर गाजीपुर के नन्दगंज थान्हा क्षेत्र के नैसारे इलाका में बेकाबू हो के पलटि गइलि। येह दुरघटना में दुइ गो महिला सरधालुअन क मउति हो गइल ओहीं करीब डेढ़ दरजन से बेसी सरधालु घाही हवें।

**********

जौनपुर के केराकत कोतवाली थानाक्षेत्र के देवकली बजारि में गैस पाइपलाइनि से जुड़ल काम के दौरान काल्हि गहिर गड़हा में अचक्के माटी धंसले से दुइ गो मजुरहन क मउति हो गइल। हमरे जौनपुर प्रतिनिधि बतवलें कि प्रसासन के सहजोग से ओइजा राहत आ बचाव कार के बादे मजुरहन क लासि निकारि लिहल गइल।

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी आ पच्छिमी जिलन में बिहने से बारह अपरैल ले तेज सतही बेयारि चलले क सम्भावना जतवले हो। विभाग के मोताबिक येह दौरान मौसम सुस्क रही।

**********